# PEDAGOG - TÁRBIYASHINIŃ KÁSIPLIK KOMPETENLIGIN RAWAJLANDIRIW

**Saparbayeva Gulrux Ashirbaevna**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı assistent-oqıtıwshısı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079371

***Annotatsiya.*** *Bul tezisde tálim-tárbiya beriwdiń jańa, standart emes forması, metod hám quralların izlew, tárbiyalıq is procesinde júzege keliwshi mashqalalardı sheshiwdiń nátiyjeli jolların tańlay alıw, óz iskerligi, oqıw procesinde balalardıń individual rawajlanıwı, innovaciyalıq oqıw reje hám bağdarlamaların joybarlay alıw hám basqalar ayrıqsha ekenligi sóz etilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *tárbiyashı pedagog, balanıń fizikalıq hám psixologiyalıq rawajlanıwı, tálim-tárbiya, jeke tayarlıq, kásiplik tayarlıq.*

«Kásiplik kompetentlik», «kompetenciya» túsinikleri házirgi waqıtta kóplegen alımlardıń miynetlerinde ushırasadı. Bul túsinikti hár bir alımnıń hár tárepleme talıqlanıwın kóriwimizge boladı.

Házirgi waqıtta, pedagogikalıq ádebiyatlarda «kásiplik kompetentlik» túsinigi pedagog-tárbiyashınıń kásiplik xızmetiniń anıqlaması retinde, tálim-tárbiya processindegi mashqalalar, kásiplik xızmet wazıypaların sheshiw ushın tárbiyashınıń jeke pazıyletleri hám qábiliyetleri túsiniledi. Bul pazıyletlerdi jeterlishe qáliplesken dárejesi tek ğana onıń aldına qoyğan pedagogikalıq tapsırmalardı orınlap ğana qoymay, bálkim olardı erkin túrde orınlap hám olardı sheshiwdiń innovaciyalıq usulların rawajlandırıwğa imkan beredi dep túsindirme beriledi. Al bunıń ushın bolsa pedagog-tárbiyashı tálim-tárbiya haqqındağı teoriyalıq bilimlerdi jaqsı ózlestirgen bolıp, mektepke shekemgi jastağı balalar menen isleskende hár qanday sharayatta da ğárezsiz erkin islese alıwı kerek boladı.

«Kompetenciya» túsinigi sırttan berilgen talaplardıń belgili bir sıpatlı dárejege erisiw ushın zárúr bolğan bilimler, kónlikpeler sıpatında kórip shığıladı, al «kompetentlilik» túsiningi bolsa, bul óziniń bilimi, qábiliyeti hám jeke pazıyletleriniń, kásiplik xızmetiniń mazmunın quruwshı funkcional mashqalalardı nátiyjeli sheshiwde imkan beretuğın process túsiniledi. Bir sóz benen aytqanımızda, kompetenciya-bul maqsetler, al kompetentlilik bolsa – bul nátiyje bolıp tabıladı. Demek, maqsetke erisiw bul rawajlanıwğa umtılıw degen túsinikti ańlatadı. Sol sıyaqlı pedagogikada da, pedagog óziniń kompetentligin jańalaw arqalı ol rawajlanadı sonıń menen birge onıń kásiplik kompetentligi de rawajlana baslaydı.

Pedagog-tárbiyashınıń kásiplik wákilliklerınıń mazmunın anıqlawdağı tiykarğı bağdarlar: - kásiplik kompetensiyalar ulıwmalasqan usıllardan ibarat- pedagog-tárbiyashınıń hár túrli sharayatta pedagogikalıq iskerlikti nátiyjeli orınlaw

háreketlerin támiyinleydi; - kompetenciyanıń quramı tómendegilerden ibarat: - qarım-qatnas tiykarındaǵı sheberlik; - qábiliyetke iye bolıw ushın iylengen bilim; - jańa kásiplik pedagogikalıq jaǵdaylarda nátiyjeli qollanılatuǵın pedagogikalıq xızmet tarawındaǵı kónlikpelerdi qollawdıń áhmiyetin hám juwapkershiligin támiyinlew; - qánigelik kompetenciya quramı tárbiyashınıń mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń hár qıylı pedagogikalıq xızmetiniń funkciyonal analizlew tiykarında jaratılǵan.

Kásiplik mamanlıqtı rawajlandırıw hám joybarlastırıw maqsetinde:

*Pedagog-tárbiyashı kompetetentligi 4 basqısta ámelge asırıladı:*

1. Birinshi basqısh – ańsız kompetentsizlik. - kerekli bilim hám kónlikpe, uqıplılıqtıń joqlıǵı;- olardıń joqlıǵın bilmewi;

Kásiplik óz-ózin bahalaw: «Men ózimniń bilmesligimdi bilmeymen» (kásiplik mamanlıq dárejesi-pás).

2. Ekinshi basqısh – kompetentsizlikti ańlaw. - qanday kásiplik bilim, kónlikpe hám uqıplılıqtıń jetispewshiligi;

Kásiplik óz-ózin bahalaw: «Men ózimniń ne nárselerdi bilmesligimdi bilemen» ( kásiplik mamanlıq dárejesi-ortasha).

3. Úshinshi basqısh – sanalı kompetentlik. - óziniń kásibiniń mamanlıq mazmunın ańlap jetiwi, kásiplik uqıplılıqtı óz ornında kerekli jerlerinde nátiyjeli qollana alıwı múmkin;

Kásiplik óz-ózin bahalaw: «Men nelerdi biletuǵınıńdı bilemen» (kásiplik mamanlıqtıń tiykarǵı dárejesi).

4. Tórtinshi basqısh – ańlanǵan kompetentlik.

- kásiplik qábiliyetleri tolıq integrallasqan bolıp, hámme nárseni óz ornında qollana alıwı; - óz kásipbiniń mamanlıǵı -bul jeke shaxstıń bir bólegi bolıp esaplanadı.

Mamanlıqtıń joqarı dárejesi (kásiplik dárejesi–optimal hám keleshegi bar).Demek, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde pedagog-tárbiyashılar menen hár dayım túrli baǵdarlarda turaqlı jumıslar alıp barıladı. Endi tiykarǵı maqset tárbiyashılardıń pedagogikalıq kompetentligin qáliplestiriw ushın tayarlıq jumısların shólkemlestiriw bolıp tabıladı. Olardıń ámeliy tájiriybesi, kásiplik sheberligi hám bilimleri tiykarında mashqalalardı sheshiwde nátiyjeli háreket qılıwları zárúr.

Tárbiyashı-pedagoglardıń kásiplik kompetentligin asırıw jolları:

- Metodikalıq birlespelerde hám dóretiwshi toparlarda jumıs islew;
- Ilimiy-izertlew tájiriybe arttırıw iskerligi;
- Innovaciyalıq hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardı ózlestiriw;

- Pedagogikalıq qollap-quwatlawdıń hár qıylı formaların qollaw;
- Pedagogikalıq jarıslarda aktiv qatnasıw, master-klasslar shólkemlestiriw;
- óziniń pedagogikalıq tájriybesin ulıwmalastırıw;

Pedagog óz kásiplik kompetenciyasın arttırıw zárúrligin ańlawı ushın belgili sharayatlardı jaratıw zárúr. Pedagog tómendegi imkaniyatlarga iye boliwi kerek:

Tárbiyashı-pedagog óziniń kásiplik kompetentligin asırıw zárúrligin ańlawı ushın turaqlı rawajlandırıwshı sharayattı jaratıwı kerek. Tárbiyashı tómendegi imkaniyatlarǵa iye bolıwı kerek:

- Turaqlı túrde qánigeligin jetilistirip barıwı;
- Zamanagóy metodikalıq hám zamangóy pedagogikalıq ádebiyatlardı úyreniwi;
- oqıw seminarlarına, basqa pedagoglardıń ashıq sabaqlarına hár dayım qatnasıp turıwı;
- Tájriybe almasıw hám birge islesiw proceslerine qatnasıw;
- Tálim iskerliginiń ashıq kórinislerinde qatnasıw;
- Informacion-texnologiyalardı úyreniw;
- Kásiplik sheberlik jarıslarında qatnasıw;
- Óziniń jetiskenlikleri hám tájiriybelerin almasıw maqsetinde internetten jaqsı paydalana alıwı;
- óz ústinde islew jumısların ámelge asırıp barıw;

Tárbiyashınıń metodikalıq jumıslarınıń sistemesi tómendegilerden ibarat:

1. Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemesına tiyisli normativ hújjetlerdi úyreniwi, analiz qılıwı hám zamangóy tendenciyalar menen tanısıwı.

Maqset:

- Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń rawajlanıw strategiyasın anıqlaw;
- Zamanagóy jantasıw tiykarında tálim-tárbiya processiniń modelin jaratıw;

*Pedagoglar menen islesiw formaları:*

- hújjetler nenen islesiw; - Internet resurslarınan paydalana alıw; - konsultaciyalar beriw; - seminarlar shólkemlestiriw.

2. Tárbiyashılardıń iskerligin asırıw maqsetinde hár qıylı metodikalıq usıllarda interaktiv usıllardan paydalanıw.

Maqset*:*

- Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde pedagogikalıq processti ámelge asırıw ushın fundamental sheshimlerdi ámelge asırıwda tárbiyashılardıń ózleriniń ámiyetliligin seziniwi;

*Metod hám formaları:*

- Mashqalalar boyınsha prezentaciyalar hám olardıń sheshimlerin dodalaw;
- aktiv oylawdı rawajlandırıw metodları;
- aqılıy hújim;
- psixologiyalıq treningler.

*Pedagoglardı shólkemlestiriw:*

- toparlıq.

*Biriktiriw jumısları:*

- pedagogikalıq sheberlik dárejesi boyınsha;
- aktual máseleler boyınsha;
- jeke túrdegi

3. Tárbiyashılardıń turaqlı óz ústinde islewin jetilistiriw:

*Jumıs formaları:*

- xabar hám maǵluwmatlardı ózbetinshe úyrenip barıw,
- pedagogikalıq processtegi tiykarǵı máseleler boyınsha jumıs islew,
- master klasslar shólkemlestiriw,
- Tárbiyashılardıń teoriyalıq bilimlerin ámelde qollana alıwda olardıń gárezsizligin hám belsendiligin rawajlandırıw;

4. Tárbiyashılardıń mamanlıq kompetentligin monitoring qılıw;

*Maqset:*

- belgili máseleler, mashqalalar hám qálewleri boyınsha tárbiyashılardıń pedagogikalıq tájiriybesin anıqlaw.

Joqarıda keltirilgen «kásiplik kompetentlik» túsinigi pedagog-tárbiyashınıń kásiplik xızmetinin anıqlaması retinde, tálim-tárbiya processindegi mashqalalar, kásiplik xızmet wazıypaların sheshiw ushın tárbiyashınıń jeke pazıyletleri hám qábiletlerin jetilistirip barıw túsinigin ańlatadı. Bul kompetentlik túrleriniń jeterlishe qáliplesken dárejesi tek ǵana onıń aldına qoyǵan pedagogikalıq tapsırmalardı orınlap ǵana qoymay, bálkim olardı erkin túrde orınlap hám olardı sheshiwdiń innovaciyalıq usulların rawajlandırıwǵa imkaniyat beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Sodikova Sh. A. Maktabgacha pedagogika-T: 2013.
2. O‘zbekiston Prezidenti Shavkat Mirziyoyev 2017-2021 yillarda O‘zbekistonni rivojlantirishning beshta ustivor yo‘nalishi bo‘yicha xarakatlar strategiyasi. 7-yanvar. 2017.
3. Ilk qadam. O‘quv dasturi.-T:2018.